

Flanbo Verite A



RENMEN LÈNMI OU YÒ

(Gade istwa a nan paj 9)

Mas - Avril 2021 | Volim 12 Nimewo 2

Jounal sa a pa pou vann

TAB MATYÈ

Editorial	3
Lite Pou Lafwa #3 Erè Balaram	4
Istwa Kouvèti a	9
Fòs Osinon Feblès	12
Seksyon Paran Apèl pou Monte Leson 11a	13
Istwa Biblik Mirak Pwason Yo	16
Istwa Mati Yo Matye – Apòt Jezi Kris	21
Lik – Evanjelis.....	22
Seksyon Jenn Chemen Li te Chwazi a Chapit 3b.....	24
Seksyon Timoun Bwat Manje A.....	30
Aktivite Timoun.....	34
Men Nou Yo	Kouvèti Dèyè

Komite

Direktè

Dale E. Heisey
Duane Nisly
Mark Yoder
Paul Schrock
Antonio Valverde
Jesús Villegas
Antonio Campos
Sanford Yoder

Editè

Duane Nisly
Pete Garber

La Antorcha de la Verdad

Apartado Postal #15
Pital de San Carlos
Costa Rica, C. A.

Flanbo Verite A, se
Publicadora La Merced, ki
sitiye nan Santa Rita de
Rio Cuarto, Costa Rica, ki
pibliye li chak de (2) mwa.

PUBLICADORA LA

MERCED se yon konpayi
k'ap pibliye liv nan yon bi
pou yo pwopaje Levanjil
la. Yo pa fè sa pou lajan.
Okontrè, yo fè sa pou yo
pwopaje bon jan doktrin
biblik dapre kwayans
Anabatis yo, epi yo fè sa
pou sila yo k'ap resevwa
literati sa yo kapab jwenn
bon konsèy pratik pou
aplike nan lavi yo.

Desen Kouvèti a :
Randall Nisly

Editorial

Chè lektè :

Lè Jezi t'ap fè ansèyman sou afè renmen nou dwe genyen pou lènmi nou yo (Matye 5.38–48), èske se tout bon vre Li te vle di sa ki ekri nan Bib la ? Èske Jezi te serye vrèmanvre lè Li te mande nou ofri lòt bò a apre nou fin pran kou yon bò ? Lè yon moun pran sa ki pou nou, èske Jezi te mete nan tèt Li nou tapral kite moun lan fè sa, san nou pa trennen li devan leta pou regle sa ? Pratikman, lè Jezi te di konsa : « **Renmen lènmi nou. Beni moun ki modi nou. Fè byen pou moun ki rayi nou. Epi, priye pou moun ki maltrete nou, pou moun ki pèsekite nou** » (Matye 5.44, BIB KREYÒL LA) ki mesaj Li te vle fè pase ?

Nan fen mesaj Li t'ap anseye a, men sa Li te di ankò : « **Non, nou fèt pou nou bon nèt, menm jan Bondye Papa nou ki nan syèl la bon nèt.** » (Matye 5.48).


Pawòl la fasil pou asepte toutotan nou pa anfas yon sityasyon ki mande nou pou nou mete pawòl la an pratik. Men, si se te mwen menm ki te nan plas Frè Dirk (sou po jounal la), si se te mwen ki te anfas yon dezizyon ki si difisil konsa, kisa mwen t'ap fè ? Èske mwen t'ap reyaji menm jan li te reyaji ? Oubyen, èske mwen t'ap kontinye kouri ale ? Èske mwen t'ap eseye jistifye dezizyon sa a avèk yon pakèt lide ki kont ansèyman Kris ?

Nou pa ka konnen ki batay ki t'ap fèt nan lespri frè a lè li te remake chèf ki te dèyè l' la tapral mouri nan dlo a. Men, li ta sanble sa Frè Dirk te fè se te bagay natirèl pou li menm. Men, kisa sa vle di ? Enben, li pa konplike. Dirk pa t' oblije fè yon bann kalkil anvan li te aji nan sityasyon sa a. Se klè li te oblije poze aksyon an nan yon bat je si li te vle sove nonm lan nan dlo a, malgre li te an danje pou kont pa li lè li te fè sa. Glas la ki te kouvri dlo a te kapab kase anba pye li tou. Li te ka tonbe nan dlo a ansanm ak chèf la. Li te ka mouri nan dlo glase a tou. Ta sanble Dirk pa t' pèdi tan ap kalkile konsa. Lèfini, ta sanble li pa t' pèdi tan ap kalkile sou kijan chèf la te kapab arete li ankò lè li fin sove l', ki vle di jijman epi lanmò t'ap anfas li yon lòt fwa ankò. Se byen klè ansèyman Jezi Kris yo te make lespri li. Yo te make lavi li, jouk yo te manifeste pandan li te anfas yon gwo prèv.

Men sa yon moun te deklare sou evènman sa a : « Si nou te ka mande Dirk poukisa li te retounen ankò pou li sove lènmi li a, mwen sipoze li te ka di se pa t' li menm, men se te Kris nan li ki te fè sa. Mwen kwè se te men Jezi Kris ki te kenbe Dirk pandan li te retounen travèse glas la ki te kouvri dlo a. Kris pa t' fòse li, men Li te kenbe li. »

Mwen remake Frè Dirk te gentan aprann sa Apòt Pòl te konnen tou : « **Se sa k' fè, se pa mwen k'ap viv ankò, se Kris la k'ap viv nan mwen : lavi m'ap mennen nan kò m' kounyeya, m'ap viv li nan konfyans mwen gen nan Pitit Bondye a ki te renmen m' sitèlman Li te rive bay lavi L' pou mwen** » (Galat 2.20). Èske mwen deja aprann sa byen mwen menm ?

Dwann Nisli



#3 Erè Balaram

—Philip Yoder

Nan Bib la, liv Jid la bay yon avètisman kont moun ki pa pou Bondye men ki va fofile kò yo antre andedan legliz Kris la. Avèk fo ansèyman, moun sa yo va trennen kwayan yo nan erè, nan bagay ki pa kòrèk. Jid egzije kwayan yo pou yo pran defans lafwa Kreyen an, konsa pou yo pa pèdi lafwa nan Bondye tankou moun Izrayèl yo te fè alepòk, anvan yo te antre nan peyi Kanaran. Paske pèp Izrayèl la pa t' kwè, yo te refize obeyi Bondye epi yo te oblije rete toujou nan dezè a kote yo te mouri alafen. Jid adrese bagay sa a pou li te kapab ekspozè moun sa yo ki t'ap anseye manti, pou li te ka ankouraje kwayan yo rete fidèl nan bon doktrin yo te resevwa deja a. Pou n' kapab an sekirite esprityèlman, fòk nou idantifye moun k'ap anseye sa ki fo.

Pou li te ka devwalè kèk nan karakteristik fo pwofesè sa yo, Apòt Jid te itilize plizyè pèsonaj nan Ansyen Kontra a. Li t'ap ilistre kisa yon fo pwofesè ye. Enben, dezyèm

egzanp li te chwazi itilize a se te Balaram. Jid deklare fo pwofèt yo se moun ki « *lage kò yo nan menm move chemen Balaram lan* » (Jid 11). Sou kisa Jid t'ap pale menm ? Kilès ki Balaram ? Ki move chemen Balaram t'ap fè ?

Nou twouve istwa Balaram nan liv Nonb chapit 22. Pèp Izrayèl la te apenn pase karant (40) ane ap flannen nan dezè a. Kounyeya, yo te rive sou plenn Moab. Balak se te wa moun Moab yo. Balak te tandè kijan peyi Lejip te fin kraze lè Bondye te retire pèp Li a nan mitan yo. Sa k' pi mal, moun te pote nouvèl ba li sou kijan Bondye te fè anpil mirak pou pèp Li a pandan yo te nan wout, epi okenn nasyon pa t' ka kanpe devan yo. Donk, Balak te pè. Li te konnen moun Izrayèl yo ka leve kont li, epi li te konnen lame pa li a p'ap kapab reziste devan yo.

Wa Balak se te yon payen. Li te kwè nan zidòl. Li te mete nan tèt li zidòl sa yo te kapab wete moun Izrayèl yo, malgre yo te fò konsa. Donk, Balak te voye kèk mesaje kote Balaram. Balaram sa a se te yon kalite pwofèt, yon nèg ki fè maji. Li te rete nan zòn Mezopotami. Balak te vle Balaram madichonnen pèp Izrayèl la pou li. Li te ofri Balaram richès ak onè pou li fè travay sa a. Balaram pa t' yon moun nan ras Izrayèl. Metye li se te fè maji. Malgre sa, li te rekonèt grandè Bondye. Lè Balaram te al konsilte Bondye konsènan tach Balak te vle ba li a, Bondye te di Balaram piga li ale, piga li madichonnen pèp Izrayèl la ki se yon pèp Bondye beni. Se konsa Balaram te di mesaje yo konsa : « *Tounen lakay nou, paske Senyè a pa vle kite m' ale ak nou* » (Nonb 22.13).

Jan Balaram bay nouvèl la demontre yon kè ki te swaf bèl rekonpans yo Balak te ofri ba li pou travay la. Balaram te vle ale, men se Senyè a ki pa t' pèmèt sa. Donk, Bondye te anpeche li resevwa rekonpans li te cho pou li resevwa a. Pi devan, Balak te voye lòt mesaje avèk pi gwo rekonpans toujou. Malgre Balaram te deja sèten sou sa Bondye te di li, li te mande mesye yo pase nwit lan ankò... pou li te ka konsilte Bondye yon dezyèm fwa. Fwa sa a, Bondye te di Balaram pou li ale avèk mesye yo, men fòk li fè sèlman sa Bondye di l' pou l' fè.

Lè Balaram te finalman rive sou plenn Moab la, pandan twa (3) fwa Balak te mande l' madichonnen pèp Izrayèl la. Men, selon direksyon Bondye te ba li a, se beni Balaram te beni Izrayèl pandan twa (3) fwa pito. Wa Balak te fache. Li te vle voye Balaram ale de (2) men vid, san okenn rekonpans.

Se vre Balaram te obeyi Bondye nan sa li te di ak bouch li. Men nan kè li, li te saf toujou. Balaram te gen gwo je, e li te anvi resevwa richès yo toujou. Konsa, li te kreye yon plan, yon fason pou li bay Balak sa li t'ap chache a san li pa t' bezwen madichonnen

pèp Izrayèl la nan bouch (Nonb 31.16). Balaram te konseye Balak pou li voye fanm Moab yo al fè zanmi ak nèg Izrayèl yo. Se pou yo envite nèg yo nan fèt yo fè pou zidòl yo. Se pou yo sedwi nèg yo epi kouche avèk yo. Dapre vye konplo sa a, se peche pèp Izrayèl la ki va rale kòlè Bondye sou pèp la. Y'a pèdi benediksyon Bondye a. Bondye ap detwi yo. Se konsa bagay la te pase vre. Anvan lontan moun Izrayèl yo te lage yo nan fònikasyon avèk moun Moab yo. Bondye te pini nasyon an. Se te 24 000 sòlda ki te peri (Nonb 25.1–9). Balaram te mete nan tèt li li fè sa ki dwat, li obeyisan devan Bondye paske li pa t' madichonnen pèp Izrayèl la ak bouch li. Men, anmenmtan an, li te tann yon pèlen pou moun Izrayèl yo ki te pratikman yon madichon pou yo. Balaram te reyisi nan yon vye travay lèd san li pa t' oblije sal men li ditou.

Depi yon moun kite safte aji nan li pou li chanje prensip ak jistis pou yon benefis pèsònèl, se lage li lage kò li nan move chemen Balaram lan. Apòt Jid bay yon avètisman kont fo pwofesè ki vyole lalwa Bondye epi ki kondwi pèp Bondye a ale lwen poutèt yon benefis l'ap chache, swa lajan osinon yon lòt bagay. Yo fè tout sa pandan yo pran pòz sèvitè Bondye. Jezi, pou kont pa Li, te pale sevè kont sila yo ki t'ap priye byen long men ki t'ap piye vèv pòv yo (Matye 23.14). Depi yon moun esklav safte, li tou pèdi ekilib Kreyen. L'ap fè tout kalite mekanste. Se paske dezi pou benefis pèsònèl la vin twò fò. Si nou gade agòch adwat, n'ap wè moun k'ap itilize relijyon kòm yon metye, yon fason pou antre lajan. Yo fòse moun bay ladim konsa pou yo plen pòch yo. Yo mache mande kontribisyon pou travay Bondye a, epi apre sa yo viv nan richès avèk kòb yo resevwa yo. Apòt Pòl t'ap pale sou fo anseyan yo ki renmen lajan, epi li di se : « *...moun ki panse devosyon pou Bondye se yon mwayen pou moun vin rich.* » Pòl di : « *Egzante moun konsa* » (1 Timote 6.5, BIB KREYÒL LA).

Konsa tou, li enpòtan pou n' konsyan pafwa nou menm tou nou anba tantasyon pou n' fè benefis pèsònèl nan vye konpwomi, nan vyole prensip Kreyen yo. Nou al vyole yon prensip Kreyen nan biznis n'ap fè a paske n'ap chache yon ti avantaj, epi apre sa nou eseye jistifye sa nou te fè a. Nou bay manti pou n' ka genyen nan yon match. Nou twonpe leta pou n' ka jwenn okazyon vwayaje. Depi nou wè nou kapab bay yon « ti manti » ki ouvri pòt la pou plis pwofi osinon ki kache yon erè, se tante nou tante pou n' lage kò nou nan vye wout Balaram lan. Si genyen posibilite pou n' monte grad osinon pou n' jwi plis pouvwa, nou fasil fè konpwomi, pou n' tòde kèk prensip bibliik.

Se te amou pou lajan, se te safte ki te trennen kè Jida ale byen lwen. Li te renmen Jezi epi li te fidèl pou Jezi oparavan. Renmen lajan te tèlman jete li ba, li te rive trayi Senyè pa li a. Apre sa, menm bagay la te pouse li touye tèt li tou. Depi Jida te reyalize

ki kote li te rive nan afè safte, li pa t' menm vle wè kòb la ankò. Li te rayi kòb la kounyeya, epi li te pann tèt li (Matye 27.3–5).

Bib la fè nou konnen renmen pou lajan fè domaj nan konsyans Kreyen an. Li tòde kapasite nou pou n' konnen byen ak mal. Men sa ki ekri nan 1 Timote 6.9–10 : *« Men, moun ki vle vin rich, yo tonbe nan tantasyon. Yo kite yon bann move lanvi san sans pran yo nan pèlen. Se lanvi sa yo k'ap fè moun pèdi tou sa yo genyen, k'ap fini nèt ak yo. ¹⁰Paske, renmen lajan fè moun fè tout kalite bagay ki mal. Gen moun ki sitèlman anvi gen lajan, yo pèdi chemen lafwa a nèt... »*

Men sa Jezi di nan Matye 6.24 : *« Pèsonn pa ka sèvi byen ak de (2) mèt an menm tan. Li gen pou l' rayi yonn si l' renmen lòt la. L'ap sèvi byen ak youn, men l'ap meprize lòt la. Nou pa kapab sèvi Bondye ak lajan an menm tan. »* Men yon egzijans Apòt Pòl te kite pou nou : *« Paske, konnen sa byen : okenn moun ki nan dezòd lachè, osinon ki nan lenkondwit, osinon ki renmen lajan (moun konsa se tankou moun k'ap sèvi zidòl), okenn nan moun sa yo p'ap gen pòsyon eritaj nan peyi kote Bondye ak Kris la wa a. »* Lè Pòl ap detaye kalifikasyon yo pou yon lidè legliz li di : *« Li pa fèt pou l' renmen lajan »* (1 Timote 3.3). Fòk nou dakò yon moun pa kapab sèvi Bondye pandan li cho pou li plen pòch li.

Si n'ap sèvi Bondye, se pou n' fè l' ak tout kè nou. Piga nou fè travay la tankou si se dèyè lajan nou ye. (1 Pyè 5.2). Bondye pran plezi nan sèvis ki sòti nan yon kè ki pou Li, ki renmen plan Bondye a.

Yon moun ki saf se yon moun ki pa wè lwen ditou. Tout dezi li, tout efò li yo, tout enèji li se pou bagay materyèl, bagay k'ap fini talè konsa (bagay mond sa a). Dezi a pou byen materyèl domine sou li, jouk li bliye verite Bondye a ki etènèl. Se te Jezi ki te poze kèsyon sa a : *« Kisa sa ta sèvi yon moun pou l' ta genyen lemonn antye si l' pèdi lavi li ? Kisa yon moun kapab bay pou l' gen lavi ? »* (Matye 16.26). Yon jou ap vini kote nou va kanpe devan Bondye san okenn anyen nan men nou. Kont labank p'ap konte pou anyen. Sèl sa k'ap rete se bagay nou te fè pou envèsti nan wayòm Bondye a pandan nou t'ap viv sou tè a. Nan moman sa a, èske tout bagay nou te goumen pou n' posede yo ap genyen enpòtans ?

Yon moun ki saf se yon moun ki ògèye. Li wè tèt li ase. Li kalkile sou kijan li ka anpile byen, menm si li oblije pase pye l' sou lòt yo. Balaram pa t' sansib pou byennèt moun Izrayèl yo. Ki fè li te beni yo, se paske Bondye pa t' pèmèt li madichonnen yo. Vye plan li te prezante touswit apre a se prèv Balaram pa t' enterese menm yon ti kras nan byennèt moun Izrayèl yo. Sèl bagay ki te enterese Balaram se te pòch li.

Efezyen 4.28 fè nou konnen nou dwe travay avèk men nou yo, konsa pou n' : « **sa gen dekwa bay moun ki nan bezwen.** » Epi, Travay 20.35 raple nou sa a : « **Gen plis benediksyon pou moun k'ap bay pase pou moun k'ap resevwa.** »

Gen yon lòt bagay ankò nan move wout Balaram lan. Li te doute Pawòl Bondye. Li ta sanble Balaram te mete nan tèt li Bondye te kapab chanje lide—Li te ka chanje pawòl konsa pou Li kite Balaram regle bagay la jan li te vle. Nan ti lèt Apòt Jid te ekri a, nou ka remake sa se youn pami pwoblèm yo ki prezante lakay yon fo pwofèt. Li eseye chanje Pawòl Bondye a. Li pa dakò ak sa Bondye di. Fo pwofèt yo pa asepte Bòn Nouvèl yo te resevwa a. Yo anvi fòse Bib la di sa li pa di. Men, depi se Bondye ki pale, lòm pa kapab nan negosye pawòl sa yo.

Pandan n'ap gade avètisman Apòt Jid ban nou an, istwa Balaram lan kapab fè nou wè ki kote chemen dezobeyisans lan va kondwi nou. Istwa a rale zòrèy nou konsa : Piga nou swiv safte ki nan kè nou, pigas nou pran Pawòl Bondye pou bagay lejè, epi pigas nou chache vire Pawòl la osinon negosye sa li di a. Jid egzijè nou pou n' asepte Pawòl Bondye a san nou pa eseye ranje l' avèk foli pa nou yo. Se obeyi pou n' obeyi sa li anseye pito. Chemen Balaram lan se yon chemen ki mennen nou nan pèdisyon. Se yon chemen desepsyon ak destriksyon. Se yon wout ki danjere anpil anpil.

Ki devwa yon vre kwayan genyen si li sansib pou kondisyon espirityèl li a ? Jid fè nou konnen nou dwe : « **pran defans lafwa Bondye te bay yon sèl fwa pou tout tan an, pou tout moun pa L' yo** » (Jid 3). Èske lafwa Bondye te bay la se yon bagay ki kapab pèdi ? Moun pèp Izrayèl yo te pèdi lavi yo dèske yo te pèdi lafwa. Yo te delivre anba esklavaj nan Lejip se vre, men yo te mouri nan dezè a poutèt dezobeyisans yo devan Pawòl Bondye (Jid 5). Konsa tou, yon seri zanj ki te fidèl pou Bondye oparavan te pèdi plas yo nan syèl la dèske yo te fè rebèl kont otorite Bondye a.

Chemen Balaram lan rann nou initil nan wayòm Bondye a. Pito, ann mande Bondye pou Li netwaye kè nou yo, pou Li efase dezi a pou n' benefisye materyèlman nan sèvis n'ap fè pou Li. Benefis nou te ka jwenn nan sèvis Bondye pa dwe janm enfluyans kalite sèvis nou bay la.

Ann swiv Senyè a fidèlman. Ann swiv Pawòl Li nan tout sa li di, epi ann swiv avèk imilite. Se Bondye ki kapab kenbe nou pou nou pa tonbe. Se Li menm ki kapab fè nou parèt san repwòch ak kè kontan devan L' nan tout bèl pouvwa Li (Jid 24). Nan lè Li deside a, Bondye va rekonpanse nou selon sa nou merite a.



RENMEN LÈNMI OU YO

Dirk Willems te konvèti nan Peyiba (Olann) ki fè pati Ewòp. Se te yon epòk kote kwayan yo te anba gwo pèsèkizyon. Lanne a se te 1529, epi moun Espay yo te gentan anvayi Peyiba. Pou yo te ka mete lapè nan peyi a, Espanyòl yo te eseye elimine Anabatis yo ansanm avèk lòt ti gwoup Kreyen ki te yon ti jan radikal. Lè nou di radikal, sa vle di gwoup sa yo pa t' dakò mete tèt yo ansanm avèk relijyon leta a. Li ta sanble *Dirk* se te yon moun ki pa t' kapab rete bouch pe nan sityasyon sa a. Li te pale sou lafwa li te genyen an. Li te temwaye san gade dèyè. Li te menm dakò pou yo batize moun lakay li.

Palè wa peyi a te sitiye nan yon zòn yo rele *Asperen* jounen jodi a. Espanyòl yo te fè palè a tounen yon prizon pandan yo te sou pouvwa. Yo te arete *Dirk*, epi apre yon jijman yo te kondane li. Li te tonbe nan prizon poutèt lafwa li. Pandan li te nan prizon an, *Dirk* te kreye yon fason pou li chape. Li te mare plizyè dra ansanm pou fòme yon kòd. Konsa, li te pase nan yon fennèt, epi li te grenpe desann jouk li te rive atè a. Malerezman, youn nan gad yo te wè li. Gad la te rele yon moun ki te la toutespre pou kouri dèyè volè. Touswit moun sa a fè yon sèl derape dèyè *Dirk* ki t'ap kouri deja.

Dirk te defile desann bò yon kannal dlo ki te antoure palè a, ki vle di prizon an. Paske se te sezon livè epi freda a te fò anpil, dlo kannal la te jele. Yon kouch glas byen rèd te kouvri l' nèt ale. Konsa, *Dirk* te janbe dlo a apye ap mache sou glas la. Glas la te sipòte pwa *Dirk* pandan li t'ap janbe. Men, nèg la ki te ap fann dèyè l' te pi gwo. Li pa t' reyisi nan travèse dlo kannal la. Kouch glas la te pete anba pye l', epi li te desann toudwat nan dlo glase a. Nan dlo ki byen glase konsa, moun pa ka viv lontan ditou. Konsa, si yon moun pa t' vini pou sove nèg la nan dlo a, li pa t' lwen mouri.

Dirk te gentan chape poul li. Li t'ap kraze rak pi rèd toujou. Sanzatann li te tandè vwa nèg la ki t'ap rele anmwè. Li t'ap mande sekou. Lè *Dirk* te retounen bò dlo a pou wè sa k' genyen, li te gentan konprann nan ki danje nèg la te ye. *Dirk* te tandè nèg la ki t'ap mande yon chans. Li t'ap plede nan dlo a pou yon moun vin sove lavi li.

Souvan mwen poze tèt mwen kèsyon sou kisa ki te pase nan lespri *Dirk* nan moman sa a. Devan li se te libète. Devan li se te lavi. Si li te annik kontinye kouri toujou, li te tou sove nan prizon an. Kilès ki te ka kondane mesye si li bouche zòrèy li pou li pa tandè nèg la nan dlo a ? Sonje byen, *Dirk* te inosan. Li te nan prizon poutèt lafwa nan Jezi Kris. Si li retounen al ede nèg la nan dlo a, se kòm si l'ap siyen lanmò pa li a.

RENMEN LÈNMI OU YO

Men, *Dirk* te gentan mouri anvè tèt li deja. Li te fè sa plizyè ane pase lè li te konvèti, lè li te konfye lavi li nan men Kris. Se sa Apòt Pòl ap pale nan 1 Korentyen 15.31. Donk, nou pa ka di ki batay ki t'ap fèt nan kè Frè *Dirk* nan moman an, men nou konnen li pa t' kontinye kouri ale.

Dirk te deja aprann nan men Jezi pou li renmen lènmi li yo, pou li ba yo manje, pou li beni yo. Li te konsyan Kris te fè menm bagay sa yo pou li tou. Kounyeya, se te yon okazyon kote li te gen chans fè menm bagay la pou nèg ki t'ap mouri nan dlo glase a. Selon istwa a, *Dirk* te retounen bò dlo a touswit apre li tande kri yo nan dlo a. Li te retounen pou ede sila ki t'ap kouri dèyè li. Li te ede nèg la sòti nan dlo a, epi konsa li te sove lavi nèg la.

Nèg la, ki te la pou kouri dèyè vòlè, te santi li touche. Konpasyon *Dirk* te montre li te frape l' fò, epi li te anvi lage *Dirk* pou li sove nèt. Men, se te yon lòt chèf ki te kanpe la ap gade ki te rele dèyè l'. Chèf la te fè nèg la sonje ki angajman li te pran avèk leta a. Malerezman



pou *Dirk*, chèf la te rive konvenk nèg la pou li rete fidèl anvè leta a, pou li pa montre okenn konpasyon anvè yon prizonnye ki t'ap sove. Konsa, li te arete *Dirk* epi li te mennen li retounen nan prizon an ankò.

Nan prizon an, chèf yo ki t'ap pèsèkite *Dirk* te aji san pitye pou li malgre gwo zèv li te fè a pou youn pami yo. Yo te kondane li amò. Dapre yo, li te koupab paske li te konn pale kont legliz leta a pandan li t'ap preche, epi ankò paske li te resevwa batèm. Selon istwa a, se pa t' de (2) chòk *Dirk* te sibi pandan li t'ap tann pinisyon leta a te chwazi pou li a. Lè jou a te rive finalman, yo te mennen l' deyò kote yo te plante yon poto nan tè a. Yo tapral mare li sou poto sa a epi limen dife anba pye l'. Se konsa yo

RENMEN LÈNMI OU YO

te konn egzekite moun alepòk. Se te yon mò terib. Men kijan temwen yo ki te asiste bagay la te dekri sa ki te pase jou sa a : *Lè yo te limen dife a, yon gwo van t'ap sòti nan direksyon solèy leve. Van an te pouse flann dife yo yon bò, konsa yo t'ap atake sèlman pye prizonye a. Doulè a te sitèlman rèd, nou te tandè mesye rele Bondye nenpòt swasantdis (70) fwa. Li t'ap kriye : « O Senyè mwen ! Bondye mwen ! » Alafen, se te yon chèf ki te chita sou yon cheval ki te remake sa ki t'ap pase. Li te pase lòd pou yo ranje dife a yon jan pou li pèmèt Dirk mouri pi vit.*

Istwa sa a prezève nan yon liv ki rele *Martyrs Mirror* (Miwa Mati Yo). Men kisa otè liv la di sou temwanyaj *Dirk Willems* : « *Dirk* pa t' fonde lafwa li sou kòmandman lòm yo ki tankou sab ki deplase anba pye. Li te fonde lafwa li sou yon fondasyon ki solid, sou Jezi Kris. Konsa, devan tout vye ansèyman ki sòti nan doktrin lòm, devan tout gwo siklòn pèsekisyon chèf yo te vide sou li, *Dirk* te rete fèm. Li te djanm jiska lafen. Konsa, lè Pi Gran Gadò a parèt sou nyaj yo nan syèl la pou Li ranmase sila yo ki pou Li epi ki gaye toupatou sou latè, *Dirk Willems*, nan gras Bondye, pral tandè mo sa yo : « ***Sa se bèl bagay. Ou se yon bon domestik ki travay byen. Paske ou te fè ti travay sa a byen, m'ap mete ou reskonsab pi gwo zafè ankò. Vin fè fèt avèk Mèt ou*** » (Matye 25.23).

Ay ! Ala bon sa ta bon si nou tout ta genyen yon temwanyaj konsa ! Se temwanyaj yon moun ki te konplètman soumèt devan Bondye. Konsa, lè dènye jou a rive, n'ap kapab kouri lage nou nan bra Jezi k'ap ouvri byen laj pou resevwa nou. N'ap tandè mo gloriye sa yo : « ***Vin fè fèt avèk Mèt ou.*** »

—Dean Taylor

Tèks sa a sòti nan *The Heartbeat of the Remnant*, 2007

Otè tèks la, frè Dean, te pran kèk nan detay sa yo nan yon liv ki rele *Martyrs Mirror* (Miwa Mati Yo). Men sa otè a di annegad liv sa a : « *Youn nan pi gwo dokiman yo ki adrese Levanjil orijinal la ansanm avèk pèsekisyon kwayan yo sibi depi lontan se yon liv ki te pibliye apre Refòm lan. Liv la rele Martyrs Mirror (Miwa Mati Yo). Istwa yo ki ekri nan liv sa a se yon seri istwa yon moun te rasanble nan bouch lòt moun. Se te Thielemann J. van Braght ki te fè travay sa a. Li te fè sa nan Peyiba nan lanne 1660.*





Pawòl Granmoun

—Sannfòd Yodè

Fòs Osinon Feblès

2 Korentyen 10.1–18

Lè Jezi te vini sou latè, Li te pote yon mesaj nouvo. Pou di vre, mesaj la te tankou yon revolisyon li te ye. Mesaj la te fè moun pale anpil, e pou anpil moun mesaj la se te pawòl moun fou. Men premye ti koze a ki te parèt nan Mesaj Sou Mòn lan : « *Benediksyon pou moun ki konnen se pòv yo ye devan Bondye, paske peyi Wa ki nan syèl la, se pou yo li ye* » *Benediksyon pou moun ki konnen se pòv yo ye devan Bondye, paske peyi Wa ki nan syèl la, se pou yo li ye.* (Matye 5.3).

Anpil paran fòme pitit yo pou yo kanpe « djanm » devan moun ki ta menase yo. Yo fòme yo pou yo defann dwa yo epi pou yo pa kite moun pile yo anba pye. Konsa tou, lè w'ap pale sou nasyon yo, yo konn gade gwosè lame a ansanm avèk ki zam peyi a posede pou yo ka di si tèl peyi genyen fòs.

Golyat se te yon jeyan, epi li te yon moun Filisti. Sou kèsyon fòs, li te san parèy. Li te antrene pou li fè lagè, epi li te byen ekipe pou li fè lagè tou. Pa kont, David se te yon « jenn gason » ase. Nenpòt moun ki t'ap gade toude moun sa yo youn anfas lòt, yo t'ap di se Golyat ki fò epi se David ki fèb.

David se te yon jenn gason ase, men David te konnen Bondye. David te mete konfyans li nan Bondye, epi li te deside leve defi Golyat la nan non Bondye li te konnen an. Men sa li te di Golyat : « *W'ap mache sou mwen avèk nepe, gwo frenn ak ti frenn. Men mwen menm, m'ap mache sou ou nan non Senyè ki gen tout pouvwa a...* » ⁴⁶*Jòdi a menm, Senyè a pral lage ou nan men m'...* » (1 Samyèl 17.45–46). Lè ti wòch won an te sòti nan fistibal David la, li te rive tou dwat kote li te dwe rive a. Bondye te itilize ti David avèk vye ti zam pa li a pou Li demontre glwa pa Li a. Bondye te fè sa konsa pou lemonn antye te ka konnen genyen yon Bondye nan peyi Izrayèl (1 Samyèl 17.46).

Apòt Pòl te aprann yon leson sou fòs ak feblès pandan li te nan wout pou rive Damas. Li te yon grannèg avèk gwo pouvwa nan men l' yon moman, epi yon ti kadè apre sa li te atè plat, tou egare. Se lòt moun ki pou ede l' fè tout bagay. Pi devan nan lavi Pòl, li t'ap plede ak Bondye pou retire yon feblès li te genyen nan lavi li (yon pikan nan kò – BIB KREYÒL LA). Alafen, men sa li te di : « *...mwen pito pale sou feblès mwen pou pouvwa Kris la ka mete m' anba zèl Li.* » San dout, ki fè Pòl te reyisi nan lavi li epi nan ministè li yo se paske li te aprann leson fòs/feblès la byen. Pòl te di konsa : « *...lè m' fèb, se lè sa a mwen gen fòs* » (2 Korentyen 12.10).

Pandan nou imilye tèt nou pou n' kite Bondye travay nan nou,
se lè sa a atò nou twouve fòs.



SEKSYON PARAN



KONPRANN RESKONSABILITE MWEN YO

Sèvi Legliz La

Leson 11a

ENTWODIKSYON

Leson sa a pran menm prensip yo ki detaye nan leson 10 la epi li aplike yo nan legliz la. Nou pa rann sèvis pou rann sèvis. Men pito, nou lite pou nou genyen yon vizyon kòrèk sou afè rann sèvis, nou vle panse jan yon sèvitè dwe panse, e nou vle genyen yon kè ki dispoze pou rann sèvis. Se nan fason sa a legliz la kapab bati, e se nan fason sa a nou kapab pote glwa pou Seyè nou an.

Sèvi nan legliz la ap ban nou kontantman ak satisfaksyon, men se sèlman lè legliz

la genyen anpil enpòtans pou nou. Lè nou byen apresye legliz la, sa fè sèvis tounen yon privilèj pou nou—yon apèl Seyè a. Apresyasyon pou legliz la va fè nou devlope nan kèk kalite karaktè tou, tankou lamou, fidelite e imilite. Lè moun manke apresyasyon pou legliz la, sa fè yo pouswiv pwòp enterè pa yo ak pwòp bi pa yo. Yo vin endepandan, e yo fè sèvis tounen yon mwayen pou jwenn yon pozisyon oubyen avanse pwòp lide yo, yon fason pou fè sila yo ki reskonsab nan legliz la fè volonte yo a.

REFLEKSYON PÈSONÈL

1. Ki enpòtans legliz la genyen pou ou ? Èske ou gen respè pou legliz ? Èske ou neglijan nan relasyon ou ak legliz ? Èske ou gen tandans kritike legliz ? Si youn nan lide sa yo pa sanble ak atitid pa ou, esplike atitid pa ou la.
2. Èske ou gen yon lamou ki sòti nan fon kè ou pou frè yo e sè yo nan kongregasyon lokal la ? Kòman ou te montre lamou sa a nan semèn ki pase a ? Mwa pase a ? Lane pase a ?
3. Ki jan ou wè reskonsabilite yo ba ou nan legliz la ? Èske ou fè pi bon efò ou kapab ?
4. Si ou ta rankontre Jezi jòdi a, èske ou ta santi ou alèz pou Li wè kantite tan, enèji e resous ou gentan mete nan legliz Li ? Èske ou ta wont ?

PREZANTASYON EKRITI A

Se pou nou youn sèvi lòt nan renmen nou youn gen pou lòt. Galat 5.13

Menm si mwen ta konn pale tout kalite lang moun pale ansanm ak lang zanj yo pale, si m' pa gen renmen nan kè m', bèl pawòl mwen yo pa pi plis pase yon tanbou k'ap fè anpil bri, pase yon klòch k'ap sonnen. ²Menm si mwen ta gen don pou m' fè konnen mesaj ki sòti nan Bondye, menm si mwen ta gen tout kalite konesans, menm si mwen ta konprann tout ti sekrè ki kache, menm si mwen ta gen konfyans anpil nan Bondye pou m' fè mòn yo chanje plas, si m' pa gen renmen nan kè m', mwen pa anyen. ³Menm si mwen ta bay tout byen mwen yo, menm si mwen ta bay kò m' pou yo boule l', si m' pa gen renmen nan kè m', sa p'ap sèvi m' anyen. 1 Korentyen 13.1–3.

Chak moun dwe pran kado Bondye ba yo a pou yo rann lòt sèvis. Konsa, tankou bon jeran, na pran kado Bondye yo, ki divès kalite, na fè yo travay. ¹¹Si yon moun ap pale, se pou l' pale tankou si se te pawòl Bondye li t'ap di. Si yon moun ap rann sèvis, se pou li fè l' ak fòs Bondye ba li. Konsa, nan tout bagay lwanj lan va pou Bondye, granmès Jezikri. Se pou Jezikri tout lwanj ak tout pouvwa pou tout tan. Amèn. 1 Pyè 4.10–11.

⁴Gen divès kalite don Sentespri a bay. Men, se menm Lespri Bondye a ki bay tout. . . . ⁷Lespri Bondye a fè travay li yon jan nan lavi chak moun, men li fè l' pou byen tout moun. ⁸Lespri a bay yon moun don pou l' pale avèk bon konprann. Menm Lespri a bay yon lòt moun don pou l' pale avèk anpil konesans. . . . ¹¹Men, se yon sèl Lespri a ki fè tou sa. Li bay chak moun yon kado diferan jan li vle. . . . ³¹Nan fon kè nou, se pou nou chache gen don ki pi enpòtan yo. 1 Korentyen 12.4–11, 31.

Konsa tou pou nou. N'ap chache gen kado ki sòti nan Lespri Bondye a. Dakò. Men, anvan tout bagay, sa pou n' chache an kantite a se don ki pou ede legliz la grandi nan konfyans. . . . ²⁶Pou fini, kisa m' vle di menm, frè m' yo ? Lè nou sanble pou sèvis Bondye a yon moun va gen yon kantik pou l' chante, yon lòt va gen kichòy pou l' montre nou, yon lòt va gen yon revelasyon pou l' bay, yon lòt ankò va gen yon mesaj an langaj, yon lòt menm va bay esplikasyon mesaj la: Se pou tou sa k'ap fèt ede legliz la grandi nan lafwa. 1 Korentyen 14.12, 26.

Se pou sa, frè m' yo, chwazi sèt gason pami nou ki gen bon repitasyon, ki anba pouvwa Sentespri, ki gen kont bon konprann sou yo. Na ba yo fè sèvis sa a. ⁴Konsa nou menm, na toujou bay tout tan nou pou lapriyè, ak pou fè moun konnen pawòl Bondye a. Travay 6.3–4.

Yon jou, yo t'ap fè sèvis pou Bondye, yo t'ap fè jèn, lè Sentespri di yo: Mete Banabas ak Sòl apa pou mwen, pou yo fè travay mwen chwazi pou yo fè a. ³Lè sa a, yo fè jèn, yo lapriyè, yo mete men sou tèt Banabas ak Sòl, epi yo kite yo ale. Travay 13.2–3.

Se pa yon sèl manm ki fè yon kò. Se anpil manm ki fè yon kò. ¹⁵Si pye te ka di: Paske se pa yon men mwen ye, mwen p'ap fè pati kò a, se pa sa ki pou ta fè l' pa fè pati kò a vre.... ²¹Nan kondisyon sa a, grenn je a pa ka di men an: Mwen pa bezwen ou. Tèt la pa di pye yo: Mwen pa bezwen nou.... ²⁵Konsa, pa gen divizyon nan kò a. Men tout manm yo youn pran swen lòt menm jan an. ²⁶Si yon manm nan kò a ap souffri, tout lòt yo ap souffri avè l' tou. Si yon manm resevwa lwanj, tout lòt yo kontan avèk li. 1 Korentyen 12.4, 15, 21, 25, 26.

KONPRANN LEKRITI YO

OBSÈVASYON #1 : Fòk se lamou ki motive tout sèvis nan legliz la.

Legliz Galat yo te fè yon diskisyon sou enpòtans sikonsizyon. Epi legliz Korent lan te diskite sou kilès nan lidè yo ki pi bon. Epi moun yo nan legliz sa te dèyè don ki atire moun pou yo ka fè moun wè yo nan reyinyon yo. Pòl te pale byen klè ak
(kontinye nan paj 18)

ISTWA BIBLIK

MIRAK PWASON YO

Rekonpans Obeyisans

Premye reyon solèy la te parèt nan syèl la pandan Pyè ak zanmi li yo t'ap rame pou tounen sou rivaj la. Se te yon move nwit pèch. Yo pa t' kenbe menm yon grenn pwason. Apre pechè yo te fin lage lank yo bò rivaj la, yo t'ap lave filè yo epi prepare yo pou pwochen nwit pèch la.

Anvan lontan Jezi, ansanm ak yon foul moun, te vin nan direksyon pechè yo. Pandan Jezi t' ap preche bò dlo a, moun ki t'ap koute yo te kwense Li pi plis. Jezi te wè kannòt Pyè toupre a epi Li te monte ladan li. Li te mande Pyè pou li antre nan dlo a yon ti kras epi Li te kontinye anseye nan kannòt la.

Ala yon sèn pezigib sa te ye ! Limyè solèy maten an t'ap voye lonbraj sou peyizaj ki te kouvri ak lawouze a. Vag yo t'ap jwe ti kannòt la sou lak trankil la. Sou rivaj la te gen yon foul gason, fanm ak timoun ki t' ap koute chak pawòl Mèt la ak atansyon.

Lè Jezi te fin pale, Li te di Pyè : « Avanse nan lak la epi jete filè nou yo kote dlo a pi fon an. Nou va kenbe anpil pwason. »

Petèt Pyè te panse : *Èske Jezi pa konnen ke nou pa konn al peche nan mitan jounen an ?* Li te di : « Mèt, nou te travay di anpil pandan tout nwit la epi nou pa t' pran anyen. Men sou pawòl ou, nou pral eseye ankò. »

Anvan lontan Pyè te reyalize ke Jezi te konnen plis sou zafè pèch pase sa li te panse. Filè li a te tèlman plen pwason depase ke li te kòmanse chire. Rapidman Pyè te rele kamarad li yo : « Vin ak kannòt nou yo pou nou ede mwen ! » Yo te rale filè plen pwason an mete nan de kannòt.

Tout pechè yo te sezi pou wè mirak Bondye sa a. Pyè te mete ajenou nan pye Jezi. Li te di : « O Senyè, pa rete kote mwen. Mwen fè anpil peche epi mwen pa merite tout bagay sa yo ! »

« Pa pè, » Jezi te konsole li. « Depi kounyeya ou pral pechè moun. »

Lik 5.1–11



Disip yo kenbe yon gwo kantite pwason.

Ale toupatou sou latè, anonse Bòn Nouvèl la bay tout moun. (Mak 16.15b)

1. Kiyès ki te di Pyè pou l' ale peche pwason ?
2. Kisa ki te rive lè Pyè te obeyi ?
3. Kisa Pyè t'ap pral fè kounyeya ?

Itilize avèk pèmisyon :
 Christian Aid Ministries, Berlin, Ohio
 Atik sa a sòti nan : 101 Pi Bèl Istwa Nan Bib La © 1994

toulede gwoup moun sa yo sou enpòtans lamou. San lamou, bouyay nan doktrin ap tounen yon mwayen pou youn «mòde e devore lòt»—menm sila yo ki dwat nan doktrin yo ap tonbe si yo pa gen lamou. San lamou, sèvis vin yon okazyon pou donminen sou moun. Si ou retire lamou nan kè a, ou efase tout siyifikasyon e ou retire tout benefis ki nan sèvis la.

Kisa ki kontrè ak lamou ? Se pa toujou rayisans. Depi n' ap pale sa ki motive yon moun pou rann sèvis, sa ki kontrè ak lamou se renmen pou pwòp tèt ou pito. Ann klè sou sa san ezitasyon. Nenpòt kantite talan yon moun genyen, nenpòt fòmasyon li te resevwa oubyen nenpòt lòt kalite li genyen ki atire moun, si li pa genyen lamou, li p'ap fè okenn pwofi espirityèl pou legliz Jezi Kris.

Lamou se yon angajman pou byen etènèl lòt moun. Lamou pou frè e sè nou yo epi devosyon pou Jezi Kris se de (2) bagay nou pa ka separe. Jezi se Seyè e Sovè nou. Nou renmen Li paske Li te renmen nou anvan. Menm lamou Li te vide sou nou an fè nou renmen tout moun Jezi gentan rachte. Moun ki di li renmen Bondye tout fwa li fikse lide li sou tèt li olye li renmen lòt moun, li se yon mantè. L'ap twonpe tèt li. Moun ki santre sou pwòp tèt yo pa kapab renmen Bondye, yo pa kapab sèvi byen nan legliz la. Pawòl yo, talan yo ak aksyon yo se bagay ki mouri espirityèlman.

Kesyon Pou Etid

1. Gade kontèks Galat 5.13. Kisa ki rive lè nou pa sèvi nan lamou ?
2. Kòman yon moun kapab rive swiv lachè olye Lespri nan rann sèvis ? (Konsidere sèvis tankou pwofesè Lekòl Dimanch, manm komite yon lekòl, yon lidè kantik, yon pastè, yon misyonè).
3. Èske li posib pou egzèse youn nan don espirityèl yo san ou pa gen renmen ? Èske Pòl t'ap ekri yon bagay teyorik oubyen pratik nan 1 Korentyen 13.
4. Selon 1 Korent 13, ki aksyon ki montre yon moun gen renmen nan kè li ? Ki aksyon lamou p'ap fè ? Fè de lis diferan epi eseye imajine yon sèvitè nan legliz la ki ta genyen chak nan konpòtman sa yo. Kòman sa va afekte sèvis li nan legliz la ?

OBSÈVASYON #2 : Si moun ap sèvi nan legliz la, yo fèt pou yo sèvi dapre don Bondye bay pamwayen Sentespri.

Moun ki pale nan legliz la pa dwe pale selon pwòp lide li. Li dwe pale kòm yon moun ki anba kontwòl Sentespri, kòm si se Sentespri a menm k'ap pale. Moun ki sèvi nan legliz (li te mèt sila ki pale, sila ki fè desizyon, sila ki administre, osinon sila ki ap travay) yo dwe sèvi avèk je yo, zòrèy yo, men yo e kè yo anba kontwòl

Sentespri a. Sila ki sèvi nan legliz la epi ki fè l' anba onksyon Sentespri va pote fwi Sentespri nan tou sa l'ap fè: pral genyen lamou, lajwa, kè poze, anpil pasyans, jantyès, bonte, lafwa, dousè e tanperans.

Nan Nouvo Testaman an, Sentespri toujou kanpe opoze avèk lachè a. Sila yo ki sèvi anba onksyon Sentespri dwe krisifye lachè ansanm avèk tout afeksyon li yo e tout dezi li yo. Se byen posib nan lachè nou genyen kèk abilite natirèl—petèt nou kapab fè yon leson byen enteresan, oubyen nou kapab genyen yon entelijans rapid, oubyen nou kapab genyen abilite pou òganize moun e administre pwogram divès. Men si nou pa resevwa don Sentespri, nou pa pare pou nou sèvi nan legliz la. Sentespri gen dwa konsakre e itilize abilite natirèl nou yo, men konsa tou Li kapab konsakre e itilize feblès nou yo tou.

OBSÈVASYON #3 : Sèvi nan legliz la anba onksyon Sentespri va pote glwa pou Bondye.

Sentespri ap akonpli travay li yo nan fason nou pa ka fin esplike. Si se Sentespri ki bay pawòl la, ki dirije panse a, epi ki reyalize travay la, pral genyen mirak ki fèt. Baryè ap kraze, montay ap deplase, kè andisi ap ramoli, plan lènmi an ap ranvèsè, epi lavi moun ap sibi transfòmasyon lè se Sentespri k'ap fè travay Li pamwayen sèvitè ki konsakre. Travay sa a se pou byen pèp Bondye a, men se pa pou glwa pèp Bondye a. Tout glwa a se pou Papa a e Pitit la. Depi moun ap sèvi anba konsekasyon Sentespri vremanvre, yo va sèvi ak imite, epi sèvis sa a va pouse moun louwe Bondye nan asanble a.

Kesyon Pou Etid

1. Ki siyifikasyon yon jeran ? Jeran kisa nou ye ?
2. Ki rapò ki genyen ant kado Bondye ban nou nan gras Li e jan nou dwe itilize don Bondye te ban nou an tankou yon bon jeran ?
3. Ki rapò ki genyen ant don Sentespri epi fwi Sentespri ? Ki konfli ki ta fèt si yon moun genyen youn san li pa genyen lòt la tou ?
4. Ki relasyon ant abilite natirèl e don esprityèl ? Ki danje ki genyen si nou ta konfonn youn pou lòt ?
5. Kòman Bondye kapab travay pamwayen feblès natirèl yon moun ? Èske genyen egzanp nan Bib la sou sa ?

OBSÈVASYON #4 : Don esprityèl yo divès; chak manm gen yon don, men okenn manm pa genyen tout.

Lè Sentespri te desann sou asanble kwayan yo, Li te bay anpil don esprityèl.

Chak manm te ladan—pa genyen moun ki san don nan legliz la. Men okenn manm pa genyen tout don yo. Chak moun genyen wòl pa li pou li jwe, menm jan ak manm kò natirèl nou yo. Se je yo ki wè, se zòrèy yo ki tande, se pye yo ki mache, se men yo ki travay, epi se lang lan ki pale. Chak manm enpòtan, men okenn manm pa pi enpòtan pase tout. Chak manm kontribye pati pa li, men okenn manm pa ka fè tout pou kont li.

OBSÈVASYON #5 : Lè chak manm fè pati pa li dapre don Sentespri te ba li, se konsa tout asanble kwayan yo ap ranpli ak Sentespri.

Lè se Sentespri Bondye k'ap fè sa Li vle fè nan legliz la, tout legliz la se tankou yon kò moun ki fonksyone byen. Genlè se reyalye sa a ki pi neglije jòdi a nan tout bagay moun konprann sou Sentespri. Anpil moun peze sou jan nou dwe ranpli avèk Sentespri. Anpil moun peze sou don inik chak moun genyen e nan ki fason pou yo egzèse don sa yo. Anpil moun peze sou gwo travay Sentespri kapab fè pamwayen yon nonm oubyen yon fanm ki plen avèk Sentespri. Tou lide sa yo genyen plas yo. Chak manm enpòtan vre. Men, anfas Nouvo Testaman an santre plis sou sa Bondye kapab reyalye nan *yon asanble* ki plen Sentespri olye sou sa li ka reyalye pamwayen *yon moun* ki ranpli avèk Sentespri. Bondye bay legliz la Sentespri pou fè li byen mache kòm kò Kris la.

Se pou sa, yon manm ki plen avèk Sentespri ap genyen yon sans imilite lè li wè se yon pati sèlman l'ap ranpli nan gran bi e nan gwo operasyon Sentespri. Kisa je a ye san rès kò a ? Oubyen zòrèy yo ? Oubyen men yo ? Yon manm genyen siyifikasyon sèlman nan linyon avèk kò a. Li itil sèlman avèk èd tout kò a. Konsa, manm kò Kris ki resevwa don espirityèl ka fonksyone byenw sèlman nan kolaborasyon avèk lòt manm ki genyen don tou. Tout moun ki plen Sentespri va vin pi enb poutèt fason youn bezwen lòt. Epi tou, yo va vin pi enb lòske yo reyalye wòl pa yo a se yon ti pati sèlman nan yon gran travay ki depase yo anpil.

Konsa, se Tèt la ki resevwa tout glwa a nan travay sa a depi manm yo ini ansanm. Bati legliz la e estasyon legliz la se pa travay yon sèl gason ni yon sèl fanm, men se travay Sentespri, ki bay fòs e ki travay nan chak manm pou fè volonte Kris, ki se Tèt la.

(liv sa a va kontinye nan pwochen edisyon an)

—John Coblenz

Utilize avèk pèmision : Christian Light Publications, Inc

Harrisonburg, VA Ozetazini

Tout dwa rezève



ISTWA MATI YO

MATYAS - APÒT JEZI KRIS

Yo te krisifye li sou yon kwa ki te kanpe sou yon wòch, yo te kalonnen li avèk wòch, epi apre sa yo te koupe tèt li. Sa te fèt nan lanne 70.

Matyas, selon opinyon kèk moun, te fèt nan ras wa David. Depi piti, li te resevwa bon enstriksyon nan lalwa Bondye pandan li te viv Betleyèm. Li te pami swasantdis (70) disip yo ki t'ap swiv Jezi nan ministè Li a. Pa lontan apre Senyè a te monte nan syèl la, Jida Iskaryòt te wete kò l' nan mitan disip yo lè li te pèdi lafwa epi lè li te touye tèt li. Onz (11) apòt ki te rete yo lè sa a te mete ansanm ak sanven (120) lòt gason ki te deja konfese lafwa nan Jezi Kris, pou yo priye Bondye, pou yo tire osò, epi pou yo chwazi yon moun pou sèvi nan plas Jida a. Se te Matyas yo te chwazi. Tout moun te dakò se li ki pou ranplase Jida kòm apòt, kòm anbasadè pou Jezi Kris, kòm predikatè Bòn Nouvèl la. Selon lòd Senyè a te bay disip yo, yo te sipoze ale toupatou nan lemond antye, nan tout nasyon, pou yo anseye verite a epi batize nouvo kwayan (Travay 1.23–26).

Pi devan, Gran Konsèy Jwif Yo te maltrete Matyas ak onz (11) lòt apòt yo poutèt non Kris yo t'ap preche a. Konsèy la te ba yo yon bèl piga : Piga yo preche ankò nan non Jezi Kris (Travay 5.38–40). Men, disip yo te kite Konsèy la, epi yo t'ap rejwi dèske Bondye te konte yo diy pou soufri poutèt non pa Li a. Chak jou nan tanp lan, epi nan tout kay kote moun te resevwa yo, disip yo pa t' sispann anseye Kris epi preche Kris.

Lè disip yo te gaye kò yo, lè yo te separe pou yo preche toupatou, Matyas te rive byen fon nan peyi Etyopi, selon opinyon Jewòm (yon nonm ki te ekri dokiman istorik lontan pase). Matyas te rive kote pèsoun lòt disip pa t' janm rive. Li te nan fon peyi Etyopi. Li te rive nan zòn yon ti rivyè ki te rele *Asphar* epi *Hyssus*. Se la a te genyen yon ras moun ki te izole nèt epi ki te vyolan. La a, nan mitan tenèb kilti a, vrè limyè Levanjil la te pouse. Se te akòz ministè Matyas. Men, selon istwa yo, apre anpil moun te sove nan Kris, Matyas te retounen ankò nan peyi Jide, epi Galile,

e pi Samari. Poutèt tout apòt yo nèt te kouri kite zòn sa yo, Jwif yo ki te abite la a pa t' enkli nan ministè Bòn Nouvèl la ankò.

Men kisa nou konnen sou lanmò Matyas : Genyen dokiman ki fè nou konprann Matyas te refize fè ofrann devan yon dye ki te rele Jipitè, e poutèt sa a moun yo te fè touye li. Genyen lòt moun ki ta fè nou konprann se Jwif yo ki te akize Matyas kòm moun ki te fè blasfèm kont Bondye, kont Moyiz epi kont lalwa. Yo di se granprèt la ki te ki kondane Matyas. Kòm pinisyon, yo te pann li, apre sa yo kalonnen li ak wòch, finalman yo te koupe tèt li ak yon rach. Paske li te refize nye Jezi, Sovè li a, epi paske li te kontinye konfese Jezi Kris kòm Sovè, men sa chèf la te deklare : « Ou reskonsab lanmò pa ou la, paske se avèk pwòp bouch ou ou tou kondane tèt ou. » Donk, sanble yo te mare li swa sou yon kwa osinon sou yon gwo wòch, apre sa yo te kalonnen l' ak wòch, epi alafen yo te koupe tèt li, selon lòd chèf la.

LIK – EVANJELIS

Yo te pann li sou yon pye oliv nan peyi Lagrès. Sa te fèt nan lanne 93.

Pami kat (4) liv levanjil yo ki nan Bib la, sa ki parèt nan twazyèm plas la se Liv Levanjil selon Lik. Se te Lik ki te ekri li. Selon temwanyaj moun alepòk, Lik te yon moun peyi Lasiri, yon moun Antyòch li te ye. Lik se te yon medsen. (Kolosyen 4.14).

Kòm medsen, Lik te konn okipe kò moun. Men, se te volonte Senyè a pou Li itilize Lik kòm yon medsen pou okipe nanm moun tou. Konsa, Lik te kite nou avèk de (2) gwo liv ki bon nèt. Yo sèvi



medikaman espiritiyèl. De (2) liv sa yo se : Liv Levanjil Lik la, epi Travay Apòt Yo.

Annegad paran osinon fanmi Lik, pa genyen anyen ki ekri okenn kote. Donk, nou pa kapab konnen anyen sou ras kote li te fèt la. Sèl bagay, nou konnen ki bò li te fèt (Antyòch), epi nou konnen li te fè pati nasyon Lasiri. Istoryen yo sipoze Lik pa t' marye, menm lè nou wè prèske tout lòt apòt yo ak evanjelis yo te genyen madanm.

Selon Jewòm (yon nonm ki te ekri dokiman istorik lontan pase), Lik te konvèti nan relijyon Jwif yo anvan li te devni yon kretyen. Li te fè sa malgre li te fèt nan ras payen. Selon jijman moun ki fò nan analize langaj, pawòl Lik chwazi ekri yo demontre li te pi avanse lontan nan lang Grèk pase lang Ebre. Sa ede nou kwè li te grandi kòm payen (nan lang Grèk) epi li te vin jwenn Jwif yo (Ebre) apre sa.

Pi devan, lè Pòl te vin preche lavil Antyòch, Lik te tande l' epi li te konvèti. Se te lanne 38.

Lik te devni yon disip pou apòt yo, men sitou li te vwayaje ansanm avèk Apòt Pòl. Konsa, Lik te bò kote Pòl nan anpil traka, anpil difikilte ni nan dlo ni sou tè.

Lik te tèlman pwòch avèk Pòl, epi yo te sitèlman bon zanmi, Lik te ekri liv Levanjil li a anba direksyon ak enstriksyon Apòt Pòl. Se sa kèk ansyen fè nou konprann. Konsa tou, Lik ban nou yon rapò byen detaye sou pakèt esperyans Pòl te fè yo pandan li t'ap vwayaje jouk li te rive nan prizon lavil Wòm.


Pòl souvan mansyone Lik nan lèt li te ekri yo. Nan Kolosyen, li di : « **Lik, bon doktè mwen an, ansanm ak Demas voye bonjou pou nou tou** » (Kolosyen 4.14). Nan Filemon li di : « **Epafras ki nan prizon ansanm ak mwen poutèt Jezi, Kris la, voye bonjou pou ou.** ²⁴**Mak, Aristak, Demas ak Lik k'ap travay ansanm ak mwen, yo tout voye bonjou tou** » (Filemon 23, 24). Epi pou Timote : « **Se Lik sèlman ki la avèk mwen** » (2 Timote 4.11).

Donk, dapre sa nou wè, Lik te yon zanmi pou Pòl pa sèlman nan vwayaj, men nan prizon lavil Wòm. Konsa, pandan de (2) fwa Lik te devan Newo, Anperè Wòm lan, ansanm avèk Pòl.

Men kisa nou konnen sou lanmò Lik : Genyen dokiman ki di Lik t'ap preche nan peyi Lagrès, epi payen yo te pann li sou yon pye oliv. Genyen lòt dokiman ki fè nou konnen li te genyen katrevenkat (84) lanne lè li te mouri.

Tèks la sòti nan *The Martyr's Mirror* (Miwa Mati Yo)





CHEMEN LI TE CHWAZI A

Premye Pitit Gason An

Chapit 3b

Nan fwaye Djonn Yodè, moun yo t'ap prepare pou yo ale asiste yon sèvis legliz, yon sèvis dimanch swa. Pandan tout moun te sou prepare, Sara t'ap kalkile sou fanmi Woubenn Benndè. Li te santi yon kè touche pou yo, men se li menm sèl ki te byen konprann poukisa. Li te tris dèske timoun Benndè yo pa t'ap jwi yon bèl fwaye kretyen menm jan ak li menm. Sara te apresye toude paran li yo, epi li te kontan tout sa yo te gentan anseye li menm ansanm ak frè sè li yo. Men sa ki t'ap mache nan tèt li nan okazyon sa : *Timoun Benndè yo pa jwi bon bagay n'ap viv nou menm, paske fwaye pa nou an se yon fwaye kretyen. Yo bezwen moun ede yo.*

Wi, se sa. Epi piga nou jije yo pou n' kouri di y'ap move moun demen akòz paran yo ki manke fè travay yo byen. Sara te santi li prèske fè erè nan refleksyon li t'ap fè a. Se kòm si li t'ap inyore tout avètisman papa l' te bay yo. Pandan papa l' t'ap mande l' pou li pridan, se defann li t'ap defann fanmi Benndè nan lespri li.

Sara te kalkile toujou : *Yo se Mennonit menm jan avèk nou. Malerezman, kote yo te sòti a yo pa t' jwenn yon bon asanble kote yo te kapab pèsevere.* Sara te mete nan tèt li bagay yo pral chanje touswit dèske yo branche nan yon bon asanble ki estab kounyeya. Li te remake tout pitit yo ki te nan menm laj avèk l' te cho pou yo reyini avèk jenn legliz la.

Sara t'ap ranje kò l' toujou pou li ale nan sèvis la. Li t'ap panse : *Sanble lè nou konnen yo pi byen toujou n'ap wè plis senserite lakay yo. Se kòm si yo manke sa kounyeya. Petèt se konprann nou poko konprann yo byen. Yo pa sòti menm kote avèk nou.* Sara te swete se konsa bagay la pral ye vre. Nan fon kè l', li te sèten li te wè senserite lè l' te gade nan je pi gran gason an, Jakòb. Pou Sara, dèyè bèl souri jennonm lan te genyen yon vre dezi pou fè sa ki bon, sa ki dwat.

Pandan jou apremidi sa a, se menm dosye sa a Sara t'ap travay nan tèt li. Pou li, Jakòb te parèt saj epi dou anpil. Jou maten sa a, Sara t'ap asiste lè Jakòb te ede manman l' fin mete gwo rad sou li. Apre sa, li te ofri pote Bib yo ak chan yo pandan yo te ap mache nan wout. Pita, Jakòb t'ap chita sou yon dodin lè papa Sara te parèt. Jakòb te leve bay granmoun lan chita pito. Jakòb te pran plas li sou yon ban. Lèfini, vwa li te gwo epi dou alafwa. Se konsa Sara t'ap fè repetisyon sou tout bon kalite li te remake lakay Jakòb. Li pa t' menm konsyan lide sa yo ki t'ap flannen nan tèt li te yon ti jan kwochi akòz santiman li te genyen pou Jakòb deja.

Sara te vire lide l' sou ti medam yo. Li remake yo te rann sèvis tou. Yo te saj. Yo te bay tèt yo pou lave veso apre tout moun te fin manje... san pèsonn pa t' mande yo fè sa. Konpòtman yo te pi bon lontan pase sa Sara te remake premye jou swa yo te kontre avèk yo. Sara te tou fè eskiz pou yo nan tèt li : *Yo te fatige jou sa a. Wout la te long epi difisil pou yo. Se nòmal pou yo te dezagreyab nan okazyon sa a.* Men, se lè sa a yon lide ki te pi ekilibre te pase nan tèt li tou : *Se posib jodi a yo tout sou prigad yo paske yo vle fè yon bon enpresyon.*

Panse divès sa yo te twouble Sara. Se kòm si yon batay t'ap fèt andedan li. Li te

sonje avètisman papa l' te bay la. Men, li pa t' vle panse mal sou fanmi an, sitou sou jennan an ki te dou, ki te bo gason, epi ki te menm laj avèk li. Vwa konsyans li te pale : *Ep ! Fèt atansyon ! Papa ou pale ou byen !* Men, lide sa a te kont yon lòt lide ki te anvi defann nouvo vwazen yo, yon lide ki te vle pran yo ak bra ouvè.

Kisa Sara te dwe santi pou moun fanmi Woubenn Benndè yo ? Li pa t' bezwen moun di li yo te manke senterite nan bagay esprityèl. Li te wè sa ak pwòp je l'. Men jodi a yo te parèt sitèlman bon, byen saj, epi konplètman amikal. Sara te panse : *Se pwobab yo manke nan bagay esprityèl paske yo poko resevwa bon ansèyman. Se sa k' pwoblèm lan. Depi yo kòmanse resevwa bon ansèyman...*

Fwaye a t'ap jwi yon bèl silans lè tout moun te pantan poutèt yon vwa ki te rele : « Onè ! » Jak te kouri al gade kilès ki t'ap rele.

Jak di : « Bonswa ! Antre non ! »

Se te Jakòb Benndè. Li reponn : « Non. Nou p'ap antre. Mèsi. Se pase n'ap pase. Nou te vle mande si kèk nan sè ou yo pa ta renmen ale nan sèvis la ansanm avèk nou... apye. »

Se te kat (4) pi gran pitit Woubenn Benndè yo ki te kanpe ansanm devan kay la.

Sara te ranje cheve l' byen rapid. Li te drese vwal devosyon an sou tèt li. Li t'ap fè rapid pou li rive nan salon an lè li te tandè vwa papa l' di Jak konsa : « Non, pitit gason m'. M' pa vle nou ale ansanm avèk yo jodi a. Petèt yon lòt okazyon. Li fè ta deja, e yo p'ap janm rive alè. N'ap monte charyo a nou menm. Si n' te vle fè wout la apye, nou te dwe gentan derape deja. »

Jak te vire pou li pote nouvèl la bay. Sou galeri a li di : « Non, Jakòb. M' panse nou pa prale avè ou jodi a. Papa gentan ranje charyo a epi nou prèske prèt pou n' derape la. Si nou ale apye, n'ap anreta. Petèt yon lòt okazyon. »

Pandan Jak te antre nan salon an ankò, Papa te rele yo tout : « Vini non ! Ann ale medam ! Lè a rive. Manman ak Rit deja nan charyo a ap tann nou. »

Sara, Lora, epi Lwiza te swiv Papa ansanm ak Jak. Twa (3) gwo medam yo te chita dèyè. Rit te nan mitan manman l' ak papa l' devan. Jak ak David te atè. Konsa, Djonn Yodè te fè yon bri ak bouch li pou fè chwal yo derape. Ansanm, yo te nan wout pou yo rive nan Legliz Mennonit de *Germantown Valley*.

Lè yo te kontre avèk jenn pitit Woubenn Bendè yo nan wout, Papa te fè cheval

yo ralanti ti kras. Li di yo konsa : « Dezo! Nou pa gen plas, osinon m' t'ap mande nou monte. »

Jakòb te reponn : « Mèsi anpil ! Nou pito mache. N'ap jwi yon bon frechè la a. »

Sara te anvi fè yon deklarasyon, yon bagay konsa : « Ou wè ? Li saj. Li pa sèlman saj, men li renmen lanati tou. » Men, alafen li te deside rete bouch pe pito. Si li di yon bagay konsa, san dout papa l' tapral di Jakòb ap bay bèl fransè. Sara pa t' dakò sibi yon chòk konsa.

Jenn pitit Benndè yo te rive nan sèvis la byen ta. Paran yo ansanm avèk ti piti yo pa t' menm parèt. Apre sèvis la, pifò nan jenn yo te reyini devan legliz la. Yo te toujou enterese lè genyen nouvo moun pou yo kontre.

Jakòb te lage yon koze devan gwoup la : « Nou envite nou tout nèt nan yon fèt lakay nou Vandredi apremidi, tande ? Pral genyen jwèt pou n' jwe epi krèm pou nou bwè. »

Jenn legliz yo te kontan avèk jennonm amikal la, epi konsa yo te pwoche pi pre l' pou yo tande plis detay sou fèt la. Frè ak sè Jakòb yo t'ap pale tou avèk chalè.

Jakòb di ankò : « Depi yon moun nan laj douz (12) rive diznèf (19) ane, li tou envite nan fèt la. N'ap pase yon bèl moman ! »

Jou dimanch sa a, se te yon sèl sijè ki te domine tout dyalòg yo pandan rès sware a... se te fèt la. Tout jenn yo te enterese. Yo youn pa t' vle rate yon bagay konsa.

Pandan Jak, Sara, ak Lora t'ap mache pou rive bò charyo a, Jakòb te parèt. Li di : « Koute. Ann mache ansanm pou rive lakay. » Lè a te rive pou yo pati, epi tout fanmi an te deja ap tann yo nan charyo a.

Jak te reponn : « M' pa kwè papa m' ap dakò. Li fè ta deja. Petèt dimanch maten n'ap kapab fè wout la ansanm. M' pa konnen. »

Jakòb te pèsiste : « Ann ale ansanm kounyeya non. Èske ou oblije mande papa ou pèmasyon pou chak ti bagay ? » Apre sa Jakòb te adrese Sara tou dwat : « Ann ale, Sara. Si Jak vini, w'ap vini ansanm avèk nou tou, pa vre ? »

Kè Sara te kòmanse bat fò nan lestonmak li. Tou cho, li te reponn konsa : « M' ta renmen mache avèk ou, depi Papa dakò. M' pral mande li. »

Sara te kouri pou li rive bò charyo a anvan lòt yo paske li te tèlman anvi jwenn pèmasyon papa l'. Dapre Sara, se yon gwo gwoup moun ki tapral mache ansanm,

epi papa l' p'ap gen rezon pou li pè anyen. Petèt fwa sa a li ka dakò.

Men, Djonn te reponn byen fèm : « Non. Di Jak ak Lora pou yo fè vit. Nou tou pare pou n' derape la. Li fè ta. »

Sara te kraze. Li te retounen kote lòt timoun yo. « Jak ? Lora ? Papa vle nou ale ansanm nan charyo a. Y'ap tann nou. » Sara t'ap pale tou dousman, yon fason pou li kalme kolè li.

Jakòb te lanse yon pawòl pandan yo t'ap separe. Li di : « Aaa ! Fè wout la ansanm nou tout t'ap pi amizan. »

Pandan yo te nan wout, Lora te deklare : « Manman ! Lakay Woubenn Benndè y'ap fè yon fèt, epi yo envite tout jenn legliz yo depi douz (12) rive diznèf (19) ane ! »

Manman te reponn dousman : « Wi. Nou tandè sa. Men, douzan twò piti pou asiste kalite bagay sa yo. »

Papa te vire gade timoun yo. Sara te remake figi li te mare.

Avèk kalkil, li di : « Sa vle di se Jak, Lora, ak Sara ki te ka ale. »

Jak te sitèlman kontan. Bò kote David kote li te chita a, li di : « Wi ! » Jak pa t' janm resevwa envitasyon pou li patisipe ak jenn yo nan anyen. Li te nan trèzan, epi tout aktivite li te konn asiste se te ansanm ak manman l' e papa l'.

Jak te poze kèsyon an : « Èske nou touletwa kapab ale ? » Pandan yon bèl moman Papa pa t' di anyen ditou. Sara t'ap egzaminen vizaj papa l' ap chache yon ti poul pou fè li konnen sa ki te nan tèt li. Avèk tout kè l', Sara te anvi tandè yon repons pozitif.

Alafen, Papa di konsa : « N'a wè si sa ka mache. Fòk nou diskite sa ansanm, mwen menm ak manman ou. »

Tout timoun yo te konnen yo pa bezwen mande ankò toutotan paran yo pa t' chita ansanm pou diskite sou sa. Epi, yo te konnen yo pa bezwen pèdi tan ap kriye nan pye yo. Konsa, sijè fèt la te disparèt nan bouch moun yo. Men, se te sa ase ki te nan lespri yo tout.

Vandredi apremidi te rive sou yo. Twa (3) pi gran yo te pare pou yo ale lakay Woubenn Benndè pou fèt la. Papa te gentan mande Woubenn si ap genyen granmoun ki toujou prezan pou veye sou aktivite jenn yo. Konsa, toude paran yo te tonbe dakò. Yo te deside kite timoun yo ale nan fèt la fwa sa a.

Papa te avèti yo byen : « Pa mete nan tèt nou sa pral fèt souvan. »

Anvan yo te derape, timoun yo te resevwa enstriksyon sou sa paran yo te antann lakay yo : « Se a nevè pou n' gentan retounen isi a. Piga nou anreta. Nou konfyè nou tout pou n' konpòte nou byen. Sinon, n'ap pèdi kèk nan privilèj nou yo, tandè ? »

Papa te adrese Jak toudwat : « Pitit gason m', ou twò jenn pou ou ale nan rankont jenn sa yo. Mwen pa t'ap voye ou. Men, mwen pa vle pou medam yo fè wout la pou kont yo, menm si li pa lwen. Tanpri, sonje byen, mwen vle nou tout retounen ansanm youn ak lòt. »

Jak te santi li te yon gason tout bon nan moman sa a. Li di : « Wi, Papa. Se sa n'ap fè. » Jak te resevwa tach pou li akonpaye sè li yo. Li te santi li fyè.

Djonn ak Mari te kè anlè pandan yo te kanpe gade twa (3) pitit yo ki t'ap pati pou fèt la avèk lajwa. Sa yo te remake nan je Sara sitou te antre nan kè manman l' tankou yon kout flèch. Pitit yo te sitèlman presye. Èske se te yon erè pou yo kite yo fè zanmi avèk vwazen ki pa t' genyen bon fondasyon esprityèl ? Men, kisa pou yo fè ? Lòt fanmi yo pa t' sanble yo te gen enkyetid. Yo te voye pitit yo nan fèt la lakay Woubenn Benndè. Men, èske se te yon danje ?

Sara te di orevwa ak kontantman : « N'a wè pita ! N'a tounen a nevè. » Li te fè setè deja. Yo te sipoze rive lakay Woubenn nan blòk setè kenz.

(N'ap kontinye istwa a nan yon lòt edisyon)

—Mari Milè
Rod and Staff Publishers
(Piblikasyon Baton ak Gòl)



Aktivite Timoun

REPONS

- | | | |
|-----------|----------|---------|
| a. Wilyam | e. sove | i. dega |
| b. Onès | f. lesòn | j. bon |
| c. Nikèl | g. pastè | k. byen |
| d. manje | h. gade | l. mal |

SEKSYON TIMOUN



Bwat Manje A

Note byen : Alepòk, nan kilti Ameriken an kote istwa sa a sòti, tout elèv lekòl primè yo te toujou pote bwat manje lè yo te ale lekòl. Lekòl yo pa t' bay manje, epi konsa menm pi gran timoun yo te mache avèk yon bwat manje nan men yo. Yo te sere bwat manje yo yon kote apa pandan jounen lekòl la. Vè midi, timoun yo te toujou al pran bwat la pou yo manje. Pafwa, si yon timoun te rete pre lekòl la, li te kapab ale lakay li pou li manje tou.

Midi te gentan rive. Plizyè jenn tigason t'ap manje ansanm anba yon pyebwa nan lakou lekòl la. Te genyen Onès, Samyèl, Wilyam, Ari, Franki, Nikèl, epi Toma. Yo te anvi kouri fè jwèt, men fòk yo te fin manje anvan.

Onès t'ap pale : « Mwen ta renmen konnen poukisa Djo pa janm manje ansanm avèk nou. Li toujou apa. Sanble li gen manje ki pi bon pase sa nou pote, epi li pè n'ap pran ladan l'. »

Wilyam te kouche plat atè. Li di : « Hehey ! M' plis panse se genyen li pa genyen. M' te tande papa m' pale sou fanmi Djo ki pa bon menm depi papa l' mouri.

Se te Samyèl ki di konsa : « Enben, mwen konnen manman Djo te pale avèk manman m'. Li te mande l' si li pa gen kèk travay li te ka fè. Sanble li konn koud. Men, pafwa genyen dam ki mande travay san yo pa pòv. Sa konn rive tou. »

Onès di konsa : « Ou pa wè Djo konn mete pantalon pyese ? » Se konsa yo tout t'ap bay opinyon sou Djo ki pa t' konn manje avèk yo.

Wilyam bay yon lide : « M' konnen sa n'ap fè. Ann gade sa ki nan bwat manje li pote a. Li toujou rive alè. Li depoze bwat la bonè pou li al chita nan plas li anvan yo sonnen. Ann fè espere pou n' gade nan bwat la pandan yo kòmanse fè apèl. »

Tout gason yo te dakò, sof Nikèl. Pandan tout dyalòg sa yo t'ap fèt, li t'ap manje an silans. Li pa t' di anyen. Kounyeya, li t'ap bat pantalon l' pou li retire kras manje ki te tonbe sou li. Li di konsa : « M' pa wè kijan n'ap ka pran plezi nan yon bagay konsa. Sa pi sanble yon dezòd, yon mank respè. Moun pa dwe mele nan zafè moun konsa. Pou di vre, nou pa fèt pou konnen sa Djo pote nan bwat manje li a. E li sipoze ka manje nenpòt kote li chwazi manje. »

Wilyam te reponn : « Ey, Nikèl ! Ou toujou ap pran pòz pastè ! Sa ou genyen ? »

Nikèl pa t' renmen fawouch. Je l' te pran dife pou yon moman. Men, touswit li te rele byen fò : « Mesye ! Ann al jwe boul ! »

Yon ti kadè, lakou lekòl la te cho avèk aktivite. Bèl plezi !

Demmen maten, yon premye kout klòch te sonnen nan lakou lekòl la. Sis (6) gason ak move lide nan tèt yo te voye je yo nan salklas la. Yo te wè Djo ki t'ap ekri pou l' fini yon devwa matematik. Konsa, yo te kouri ale kote timoun yo te sere bwat manje yo. Yo te fòme yon sèk. Wilyam te pran bwat manje a ki te pou Djo. Malgre Nikèl t'ap pale pou korije timoun yo yè, jodi a li te ansanm avèk yo nan dezòd la.

Ari bay yon blag : « Bwat sa a tèlman gwo, sanble Djo pote pwovizyon pou tout yon lame ! »

Wilyam te debouche bwat la. Li rale yon napkin blan. Apre sa li te rale yon jounal. Anba nèt nan bwat la se te yon ponm-de-tè bouyi... sèlman yon ponm-de-tè. Wilyam te fè yon grimas, epi li leve ponm-de-tè a anlè pou tout moun wè l'. Tigason yo tout t'ap ri ansanm.

Onès te bay yon lide : « Koute ! Ann jete ponm-de-tè a. N'ap plen bwat la avèk

wòch pito. Pita lè li debouche l' pou li manje, l'ap sezi. N'ap chita apa ap swiv espektak la byen ! »

Tout tigason yo te dakò. Yo te plen bwat la wòch, yo te mete jounal la avèk nap-kin lan, epi yo te ranje li nan plas li ankò. Anvan yo te tande dezyèm son klòch la, yo tout te deja nan wout pou yo chita nan plas yo.

Alò, se te yo tout... sof Nikèl. Nikèl te rete dèyè. Lè tout nèg yo te antre nan salklas la, li te vide wòch yo atè. Nikèl te abite avèk yon matant li, epi matant li te toujou plen bwat manje pa l' la avèk bèl bagay. Kounyeya, li te pran tout manje pa li yo, epi li te ranje yo tout andedan bwat Djo a. Apre sa, li te kouri pran plas li tou.

Midi te rive. Chak elèv te kouri al pran bwat pa l' la, kòm abitud. Men, tigason yo te rete toupres. Yo pa t' sòti. Se sèlman Nikèl ki t'ap pati ak bwat li a nan men l'.

Samyèl mande Nikèl : « Kote ou prale ? Ou p'ap ret gade ? »

Nikèl tonbe ri. Li di : « M' prale lakay pito. Matant mwen t'ap kwit bonbon maten an. M' pral dèyè detwa. »

Onès te rele dèyè l' : « Pa bliye pote detwa pou mwen ! »

Se lè sa a yo te wè Djo antre dèyè bwat manje pa l' la. Wilyam te pale dousman ak nèg yo : « Sanble Djo deja sispèk. Gen lè wòch yo fè bwat la lou. »

Djo te retounen nan salklas la, men nèg yo t'ap swiv li. Yo te rete lwen ap gade nan yon ti twou dèyè pòt la. Konsa, yo te wè li debouche bwat manje a.

Onès te vle fè ti mesye yo ri. Li di : « M' swete manje sa a pa deranje vant li. »

Sanble Djo te anvi li jounal la dabò. Li te fè sa pou li rale l', men jounal la pa t' vle sòti. Tou sezi, li te voye je l' andan bwat la. Li te pantan. Li rale de (2) bèl sandwich. Apre sa, li te rale yon bout gato, yon bwat lèt, epi kèk pistach ak rezen. Djo te anfas yon repa ki sanble avèk repa yon wa. Ti mesye yo t'ap panse menm bagay. Men, Djo pa t' goute bagay yo. Li te rete la ap gade ase. Apre sa, li te bese



tèt li kouche l' sou ban an.

Franki, yon ti piti, te di konsa : « Men l'ap priye. »

Pandan Djo te kòmanse manje, yo youn pa t' di anyen. Yo te mache ale sou lakou lekòl la.

Aprè yon bon ti moman, Wilyam te di konsa : « Se Nikèl ki fè sa. Se konsa li ye. »

Samyèl di : « M' byen kontan mwen menm. Bagay la t'ap manje m' depi maten an. Se pa fòt Djo si yo pa genyen anyen pou yo ba li sof yon ponm-de-tè bouyi. Kounyeya m' konprann poukisa li te toujou vle kache lè li manje. » Wilyam te kòmanse santi li pa bon. Konsyans li te repwoche l'. Samyèl di ankò : « Papa m' te la lè papa Djo te mouri. Li fè m' konprann papa Djo se te yon nèg kouraj li te ye. Li di m', si papa Djo pa t' konn mete lòt moun devan li, li pa t'ap mouri jou a. Li te dakò kite lòt moun sove nan plas li. »

Toma di konsa : « Enben, nou manke fè dega. Se Nikèl ki sove nou, mesye. Ala yon bèl leson. Ann fè yon bagay. Ann bat bravo pou Nikèl. »

Ti mesye yo te vole kanpe. Yo tout te bat bravo, epi yo te balanse kepi yo anlè. Yo te fè tout sa pou Nikèl, malgre li pa t' la. Yo tout nèt te ladann, menm Wilyam. Wilyam t'ap di : « Felisitasyon Nikèl ! »

Pi devan, Samyèl te rakonte pou Nikèl kòman sa te pase. Men kijan Nikèl te reponn : « Matant mwen toujou ap di m' konsa : Plezi ou jwenn nan deranje lòt moun se pa yon bon plezi. »

www.WrittenTreasures.org



Vèsè Pou Aprann

*« Tout sa nou vle lòt moun fè pou nou,
nou menm tou fè l' pou yo » (Matye 7.12).*



Aktivite Timoun

Men yon seri verite. Ranpli espas vid yo anba chak verite.

VERITE : « Yon sèl moun ka sifi pou enfliyanse tout yon gwoup, swa nan fè byen oswa nan fè mal. »

- a. Depi _____ te bay lide gade nan bwat manje a, gwoup la te tonbe dakò.
- b. Depi _____ te bay lide mete wòch nan bwat manje a, gwoup la te tonbe dakò.
- c. Paske _____ te fè Djo jwenn manje pa li a, gwoup la te tonbe dakò avèk li alafen.

VERITE : « Yon sèl bon zèv ka pote plizyè bon fwi. »

- d. Nikèl te bay Djo manje pa l' la, epi konsa Djo te byen _____ jou sa a.
- e. Nikèl te bay Djo manje pa l' la, epi konsa li te _____ tout lòt nèg yo.
- f. Nikèl te bay Djo manje pa l' la, epi konsa tout ti mesye yo te aprann yon bèl _____.

VERITE : « Manke respè pou moun se yon mal li ye. »

- g. Wilyam te manke respè pou Nikèl lè l' deklare li toujou ap pran pòz _____.
- h. Mesye yo te manke respè pou Djo lè yo te al _____ sa k' nan bwat manje li a.

VERITE : « Plezi ou jwenn nan deranje lòt moun se pa yon bon plezi. »

- i. Toma te konsyan paske si se pa t' pou Nikèl, nèg yo t'ap fè _____.
- j. Lè nou fawouche epi deranje moun, sa ka fè lòt yo ri, men sa pa vle di li _____ pou sa.

VERITE : « Tou sa nou vle lòt moun fè pou nou, nou menm tou fè l' pou yo. »

- k. Si nou vle lòt moun fè byen pou nou, se pou n' toujou fè _____ pou yo.
- l. Si nou PA vle lòt moun fè nou mal, piga nou fè moun _____.

(Repons nan paj 29)



*Depi ou toujou
ap mache anvè
solèy la, lonbraj ou ap
toujou dèyè do ou.*

CHRISTIAN AID MINISTRIES

Cache Cache Douge
Rt. National 1, KM 25
Titanyen, Haiti

GRATIS !

Si ou ta renmen resevwa *Flanbo Verite A*, oubyen si ou gen nenpòt lòt kesyon, oubyen ta renmen resevwa èd espirityèl, nou ta kontan ede ou nan nenpòt fason nou kapab. Ou kapab kontakte yon moun nan adrès sa a.



*« Se poutèt sa, mwen pran pawòl pwofèt yo pou pawòl ki sèten nèt. Nou menm tou nou byen fèt lè nou pran pawòl sa yo ak gwo konsiderasyon... »
(2 Pyè 1.19).*

Men Nou Yo

Konbyen bagay nou akonpli, se men nou yo ki pèmèt nou fè l' ?

Men ki san tach, men ki pwòp... se men Kreyen an.

Lè se nou menm k'ap salye yon zanmi, nou ba li lamen byen fèm.

Lè se nou k'ap konsole yon ti bebe, nou fè men nou yo byen mou.

Lè genyen moun k'ap souffri osinon moun ki nan doulè, men nou yo toujou la.

Avèk amou, nou kouri ofri men nou yo pou sila yo ki nan bezwen.

Lè yon moun malad, se nou ki poze men sou li avèk lafwa,

Epi nou rele Nonm Nazarèt la pou gerizon.

Lè n'ap louwe, nou leve men nou yo anlè ;

Bondye beni nou avèk gras Li dèske nou itilize men nou yo pou bay ofrann.

Jezi, nou louwe Ou ; Se pou non Ou toujou glorifye.

Mèsi, Wa mwen e Senyè mwen, dèske Ou te ban mwen de (2) men sa yo.

—Idealisa Consuegra
Nan peyi Kiba